BÉS BI ÑU JAGLEEL CI ÀDDUNA SI XEEXU LIGGÉEYKATU KAW GI

KÀDDUY

Nun ñiy liggéey bés bu nekk ngir dundal sunu xeetu réew…

- Danu mas a tàkku ngir liggéey boobu àntu.
- Soos nanuy kuréel yu bari yu nu mën a teewal fu nekk ànd ak liggéey ngir lu jémé kanam sunuy liggéey moo xam mbey mi la, càmm gi, napp gi mbaa biirum garab yi.
- Suñu boolee xeeti yëngu-yëngu yépp, danu mas a di liggéeey ngir yokk liy jógé ci liggéey yooyu ngir ñu tasaare leen ci ja yi.
- Nu ngi biral sunu mbégte ci liggéey bi nuy def.

Nun, liggéeykati kaw gi ci Senegaal, moo xam góor lañu mbaa jigéen …

- Noo ngi firndéel ni sunu kuréel yi ñoo moom seen bopp.
- Noo ngi firndéel sunu takkute, sukkandiku ci sunu kuréel yépp (kuréeli waa kaw gi, mboooloo yi, mboole seeni kuréel yi…) ak SeeN SeeR, ngir jàppale, ci lu wér, pexe yi Nguurug Senegaal jël ngir yokk sunu nekkin ak xeex lépp lu nar a yàq sunu taxawaay mbaa luy gàllankoor sunuy kuréel yi ba duñu sax dakk.
- Noo ngi dénk sunu kuréel yi ñu def séen kemtalaay kartan ngir ñu jëfe bépp pexe yi nekk ci luwa bi te jëfeeguñu ko.
- Nu ngi sàkku ci lu wér, Nguur gi sàmmoonteek li nu tëral ci luwaa bi ñeel mbey mi, càmm te péncum ndawi réewum senegaal taxawaloon ko ci atum 2004.
- Nu ngi sàkku ci nu mu gën a gaawee, ñu jël matuwaay yi tax nu mën a jëfee li nu tëral.
- Nu ngi sàkkuyit, nu weccantey xalaat ci li luwaa yooyu ëmb ak kuréeli askan week mbootaayi liggéeykati kaw gi laata nu koy génne.

Nun Kuréeli liggéeykati kaw gi fi taxawal li ëpp ci askanu réew mi…

- Nu ngi sàkku ñu boole jigéeni kaw geek xale yi ci bépp sumb bu ñuy taxawal mbaa saytu.
- Nu ngi sàkku itam nu taxawal ay ndajeey weccante xalaat yu jigéen ñeek xale yi am taxawaayu góor ñi.
- Nu ngi sàkkuyit ñu taxawal diisóo, ci lu sax dakk, diggante Nguur geek kuréeli liggéeykati kaw gi ñeel seeni yëngu-yëngu te soqikoo ca góor ñeek jigéen ña.
- Ci jeexal, nu ngi xamle ni danu am warugar ak wareef ngir lu yokk sunu réew di Senegaal, taxaw jonn ci luy jémé kanam tooli njaboot gi.